

Objektif ak itilizasyon fòmilè sa a

Kisa yon Enfòmasyon sante pwoteje (PHI) ye?

PHI se nenpòt enfòmasyon konsènan sante w ki gen dwa asosye avèk dosye w la epi li gen ladann enfòmasyon tankou kondisyon lasante w, dosye medikal ou a ak istorik peman w yo. WellSense Health Plan dwe kenbe PHI ou prive.

Pataje PHI:

Lwa a pèmèt WellSense pataje PHI ou, san otorizasyon w, pou rezon tankou:

- Pou tretman swen sante. Pou ede w jwenn tretman swen sante w bezwen yo.
- Pou peman sèvis swen sante. Pou peye oubyen pou resevwa peman pou sèvis swen sante w yo epi pou trete reklamasyon w yo.
- Pou operasyon swen sante. Sa enkli jesyon ak kowodinasyon swen sante w yo epi mizajou dosye swen sante w yo.

Kisa fòmilè sa a fè?

Objektif fòmilè sa a se pou w jwenn pèmisyon w pou pataje PHI w ak tyès pati pou w ka jere swen w. Pou objektif fòmilè sa a, "Tyès pati" gen dwa gen ladann:

- Founisè swen sante ki pa déjà enplike nan swen w lan. WellSense pral ede w jwenn bon kalite founisè epi ede w pran randevou.
- Òganizasyon kominotè ki ofri sèvis ou gen dwa bezwen, tankou lòjman oubyen manje

Ou gen dwa chwazi pa bay konsantman w lan. Ou ka limite tou ki kalite PHI nou pataje epi ak ki moun nou pataje li. Desizyon w lan p ap gen enpak sou enskripsyon w nan WellSense, sou kalifikasyon w pou benefis yo, ni sou peman WellSense w ap fè pou sèvis swen sante w ap resevwa yo.

WellSense se yon òganizasyon pou jesyon swen, se pa yon founisè medikal. WellSense pa bay tretman medikal. Demann pou dosye medikal yo dwe dirije bay founisè medikal ou (yo).

PHI ki espesyal / sansib

Nou bezwen konsantman w pou pataje PHI sansib yo ak "tyès pati." Kèk nan PHI espesyal ki nan lis anba a ka aplikab pou ou. Souple tcheke kaz la si w ban nou pèmisyon pou pataje li. Aprè sa, ekri inisyal ou yo.

Tcheke tout sa ki aplikab yo

	Tcheke	Inisyal		Tcheke	Inisyal
Avòtman	<input type="checkbox"/>		VIH/SIDA	<input type="checkbox"/>	

Swen/ Tretman pou Minè ki Ansent	<input type="checkbox"/>		Rapò Mamografi	<input type="checkbox"/>	
Violans nan Kay	<input type="checkbox"/>		Sante Mantal / Konpòtmantal	<input type="checkbox"/>	
Planifikasyon Fanmi	<input type="checkbox"/>		Violans Seksyèl (kadejak)	<input type="checkbox"/>	
Tès ak rezulta jenetik	<input type="checkbox"/>		Maladi ki transmèt seksyèlman	<input type="checkbox"/>	
Konsomasyon sibstans/alkòl Dapre Règ Federal sou Konfidansyalite yo, 42 CFR Pati 2, yo pa kapab pataje dosye w sou konsomasyon sibstans ak alkòl san pèmisyon ou alekri. Ou ka sispann otorizasyon w lan nenpòt kilè alekri, pa faks, oswa pa telefòn.			<input type="checkbox"/>		

Otorizasyon pou pataje PHI Nan seksyon sa a, ou deside kijan ou vle pou nou pataje PHI ou.

Li chak deklarasyon pi ba a. Chwazi sa w dakò ak li a. Apre sa, kowche bwat ki bòkote I la epi <u>ekri inisyal ou yo.</u>	Tcheke	Inisyal
Pou jesyon swen mwen an, mwen bay WellSense pèmisyon pou pataje PHI mwen ak "tyès pati" ki nesesè pou banmwen sèvis.	<input type="checkbox"/>	
Pou jesyon ka swen, mwen bay WellSense pèmisyon pou pataje PHI mwen an sèlman ak tyès pati sa yo ki nesesè pou banmwen sèvis:	<input type="checkbox"/>	
Mwen pa bay Plan Sante a pèmisyon pou pataje PHI mwen ak tyès pati sa a:	<input type="checkbox"/>	
Mwen konprann ke WellSense ka pa kapab kowòdone sèten sèvis pou mwen si li pa kapab pataje PHI mwen. Desizyon w lan p ap gen okenn enpak sou enskripsyon w, eljibilite w, ni benefis ou yo.		
Mwen pa bay pèmisyon pou pataje PHI mwen ak okenn tyès pati. Mwen konprann ke WellSense ka pa kapab kowòdone sèten sèvis pou mwen si li pa kapab pataje PHI mwen. Desizyon w lan p ap gen okenn enpak sou enskripsyon w, eljibilite w, ni benefis ou yo.	<input type="checkbox"/>	

Enstriksyon espesyal: _____



Ekspirasyon

Fòm sa a ap rete anvigè jiskaske ou pa yon manm WellSense ankò. Ou ka anile otorizasyon w lan nenpòt kilè tou lè w voye yon avi alekri pou w anile oswa ranpli epi voye [Fòmilè WellSense pou Anile Divilgasyon Enfòmasyon](#) an bay WellSense nan adrès ki endike anba la a, oswa w voye faks anilasyon w la nan 617-951-3426. Otorizasyon w pou pataje PHI w la fini lè WellSense resevwa epi trete anilasyon w la. Li pa aplikab pou PHI ke WellSense te deja pataje yo.

Apwobasyon: Ou menm OSWA reprezantan pèsonèl ou a dwe siyen epi mete dat sou fòmilè sa a.

Siyati Manm: Lè mwen siyen pi ba a, mwen otorize WellSense, an konesans de koz epi volontèman pou pataje PHI mwen jan sa endike nan fòmilè sa a. Mwen te li epi mwen konprann kondisyon otorizasyon an. Mwen te gen posiblite poze kesyon sou fòmilè sa a ak sou pataj PHI mwen.

(Si w gen kesyon konsènan PHI oubyen konsènan fòmilè sa a, rele nou nan 866-853-5241.)

Mwen konprann ke, si tyès pati mwen otorize nan Seksyon C pou resevwa ak/oswa itilize PHI mwen an pa soumèt a lwa sou konfidansyalite enfòmasyon sante federal yo, yo ka divilge PHI mwen epi li ka pa pwoteje ankò pa lwa federal sou konfidansyalite enfòmasyon sante yo.

Yon **Reprezantan Pèsonèl** gen otorite legal pou aji nan non w. Yo dwe deziyen Reprezantan Pèsonèl ou a nan yon dokiman ekri ki **nan dosye** WellSense. Dokiman sa yo ka gen ladann yon òdonans tribinal, yon Pwokirè, yon titè, oswa fòmilè WellSense pou [Deziyen yon Reprezantan Pèsonèl](#). Ou ka mete dokiman sa yo tou ansanm ak fòm sa a.

Siyati Manm nan / Reprezantan pèsonèl la _____

Non an Lèt Majiskil _____ Dat _____

Ou gen dwa soumèt fòmilè sa a pa telekòpi / faks oubyen pa lapòs.

Pa faks:

617-951-3426

Pa lapòs:

WellSense Health Plan
ATTN: Care Management
529 Main Street, Suite 500
Charlestown, MA 02129